दिन–शुक्रवार दिनांक–08.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे मंत्रिमंडल विस्तार आ विभागक बंटवाराक बाद कतेको मंत्री सब आइ कार्यभार संभारि लेलनि। भूमि सुधार आ राजस्व विभागक मंत्री दिलीप जायसवाल आइ अपन कार्यभार संभारलनि। ओ कहलनि जे ई विभाग बेसी चुनौती सँ भरल अछि। श्री जायसवाल कहलनि जे विभागक लंबित सार्वजनिक काज सभ कैं पूरा करबाक लेल बढ़िया कार्यनीति बनाओल जाएत। मद्य निषेध, उत्पाद आ निबंधन विभागक मंत्री मदन सहनी, स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार, शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी, कला आ संस्कृति विभागक मंत्री प्रमोद कुमार, उद्योग मंत्री श्रेयसी सिंह सेहो अपन पदभार ग्रहण कऽ लेलनि।

समाज कल्याण मंत्री श्वेता गुप्ता पदभार संभारबाक बाद कहलनि जे विभागीय योजना सभक लाभ लोक धरि पहुँचाबय लेल ओ काज करतीह। एम्हर, पर्यटन मंत्री केदार प्रसाद गुप्ता, सहकारिता मंत्री रामकृपाल यादव, पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश सहित कतेको आनो–आन मंत्री सब सेहो कार्यभार संभारि लेलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पूर्व मुख्यमंत्री आ जदयू अध्यक्ष नीतीश कुमार सँ हुनकर पटनाक आवास पर भेंट–घाट कएलनि। भेटल जनतबक अनुसार एहि भेंटक दरमियान विस्तारित मंत्रिमंडल के लऽकऽ मुख्य रूप सँ चर्चा भेल।

---

शिक्षक नियुक्तिक चारिम चरणक परीक्षाक विज्ञापन शीघ्रहि जारी करबाक माँग के लऽ कऽ अभ्यर्थी सभ आइ पटना मे प्रदर्शन कएलनि। अभ्यर्थी सभक जत्था पटना कॉलेज सँ बीपीएससी ऑफिस दिस बढ़ि रहल छल, तखने जे.पी. गोलम्बर लग पुलिस प्रदर्शनकारी सभ के रोकबाक कोशिश कएलक। प्रदर्शनकारी छात्र सभ बैरिकेडिंग तोड़ि कऽ आगू बढ़बाक कोशिश करय लगलाह, जाहि के बाद पुलिस लाठी चार्ज कएलक। लाठी चार्ज मे कतेको

प्रदर्शनकारी छात्र सभ घायल भऽ गेलाह। प्रदर्शनकारी छात्र सब टीआरई फोर कँे लऽकऽ सरकार पर टाल–मटोलक नीति अपनेबाक आरोप लगौलनि। एहि बिच, नवनियुक्त शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि अछि जे सरकार सभ लंबित परीक्षा सभ के शीघ्रहि लेत। पटनाक आईजीआईएमएस मे नर्सिंग छात्रा सभक आइ दोसर दिन सेहो प्रदर्शन जारी अछि। प्रदर्शनकारी छात्रा सभक आरोप अछि जे हुनका सभकँे जानि–बूझि कऽ परीक्षा मे फेल कएल गेल अछि। लोक जनशक्ति पार्टी–रामविलासक अध्यक्ष आ केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान शिक्षक नियुक्ति परीक्षाक माँग कऽ रहल अभ्यर्थी सभ पर लाठीचार्जक घटनाक निंदा कएलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री पासवान कहलनि जे लोकतंत्र मे सभकँे अपन बात रखबाक अधिकार अछि। ओ कहलनि जे कोनो समस्याक समाधान गपशप सँ कएल जयबाक चाही।

एम्हर, नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव टीआरई फोरक अभ्यर्थी सभ पर भेल लाठीचार्जक कड़गर निंदा कयलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे सरकार मे जतनाक कोनो सुनवाई नहि भऽ रहल अछि।

———————————————————————————

पटना उच्च न्यायालय सहित प्रदेशक सभ अदालत मे काल्हि राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कएल जाएत। लोक अदालत मे आपसि समझौताक आधार पर कतेको प्रकारक दीवानी आ किछु फौजदारी मामिलाक निपटारा कएल जाएत। पटना उच्च न्यायालयक जनतब पर ट्रैफिक चालान सँ जुड़ल मामिला सभक निष्पादन सेहो लोक अदालतक माध्यम सँ कएल जाएत।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार बिहार मे लीचीक फसिल के कीड़–मकोड़ा सँ होयबला नोकसान रोकबाक लेल एक विशेषज्ञ कार्यबल बनौलक अछि। कृषि आओर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान जनौलनि जे ई कार्यबल ओहि सभ क्षेत्रक दौरा कऽ निवारण उपाय लेल अनुशंसाक संग रिपोर्ट जमा करत।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक असरि सँ प्रदेशभरि मे बारखाक परिस्थिति बनल अछि। आइ दरभंगा, मधुबनी, सीतामीढ़ी, मुजफ्फरपुर, पूर्वी चंपारण आओर पटना सहित कतेको जिला मे तेज हवाक संग बरखा भेल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच किशनगंजक ठाकुरगंज मे सभ सँ बेसी चौवन दशमलव चारि मिलीमीटर बारिस भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच राज्यक बेसी क्षेत्र मे अन्हर–बिहारिक संग बरखा भऽ सकैत अछि। किछु ठाम पाथर सेहो खसि सकैत अछि।

————————————————————————————

मुंगेर जिलाक ईस्ट कॉलोनी थाना पुलिस साढ़े चारि सौ ग्राम ब्राउन शुगर आ सय ग्राम व्हाइट ड्रग्सक संग एकटा युवक के गिरफ्तार कएलक अछि।

————————————————————————————

सुपौलक कुनौली बॉर्डर पर एसएसबी आ पुलिसक टीम चालीस किलो गांजाक संग दूटा तस्कर के गिरफ्तार कएलक अछि।

————————————————————————————

कटिहार जिलाक फराक–फराक थाना क्षेत्र मे पुलिस छापेमारि कऽ भारी मात्रा मे शराबक संग नओ तस्कर के गिरफ्तार कएलक अछि।

————————————————————————————

अररिया जिलाक कतेको थाना क्षेत्र मे पशु तस्करक खिलाफ चलाओल गेल विशेष अभियान मे पुलिस एक सय छियालिस पशुक संग पांच ट्रकक आओर सात पशु तस्कर के गिरफ्तार कयलग अछि।

————————————————————————————

समाप्त भेल